Ngatitarisei Svondo yemichindwe

1. Jesu akaraira vadzidzi kuti vaende muguta. Ikoko vaizondowana mbongoro ne mwana wayo iyo yavaida kushandisa. Ko Jesu akudzei vadzidzi vake?
2. Ko Jesu akaziva sei kuti mwene we mbongoro aizotenda kumupa?
3. Vadzidzi vaifanira kutii kumwene wembongoro?
4. Vanhu vakaitei kuratidza rukudzo wravo kunaJesu apo akapinda muJerusarema?
5. Ko vanhu vakadanidzira vachiti chii?
6. Jesu akapinda muJerusarema akatasva mbongoro sa Mambo wenyika yose. Ko nemhaka yei Jesu akatasva mbongoro panzvimbo chebhiza?
7. Ko izvi zvinorevei pamusoro peupnyu hwedu sevaKristu.
8. Mutoro rudzii uyo Jesu akatitakurira?
9. Ko iwe ungaitei kuratidza rukudzo rwako kunaJesu?

Svondo remichindwe

Wakaropafadzwa Uyo unouya nemuzita raShe. Mapisarema 118:26

Zakariya 9:9-10

Mambo wako arikuuya
9 Fara kwazvo iwe mukunda weZioni; pururudza iwe mukunda
weJerusarema; tarira, mambo wako anouya kwauri; ndiye
wakarurama, ndiye unokunda; unozvininipisa, akatasva mbongoro,
iyo mhuru mwana we mbongoro.

10 Ndichaparadza ngoro pakati paEfraimi, namabhiza pa
Jerusarema; vuta vokurwa vuchaparadzwa; uchataurira nhudzi
dzavanhu rugare; ushe hwake huchabva pagungwab kusvikira
pagungwa, nokubva kuRwizi Kusvikira kumigumo yenyika.

Hosanna, Loud Hosanna
Jeanette Threlfall

Hosanna, loud hosanna,
The little children sang;
Through pillared court and temple,
The lovely anthem rang.
To Jesus, who had blessed them,
Close folded to His breast,
The children sang their praises,
The simplest and the best.

Mateo 21:1-11

Jesu anogamuchirwa muJerusarema
Vakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo
reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2 achiti kwavari, “Endai
kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro
yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure
muuye nadzo kwandiri. 3 Kana pano munhu anotaura chinhu
kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida uye achadzidzosa
nokukurumidza.”

4 Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofita
achiti:

> 5 “Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira, Mambo wako anouya
> kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro, ari pamusoro pomwana
> wembongoro.’”

6 Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu.
7 Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguo dzavo
pamusoro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo. 8 Vanhu
vazhinji vakawarira nguo dzavo mumugwagwa, vamwewo vakatema
mapazi emiti vakaawarira mumugwagwa. 9 Vazhinji vakanga
vakatungamira mberi navaya vakanga vachitevera vakadanidzira
vachiti: “Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!” “Akaropafadzwa
uyo anouya muzita raIshe!” “Hosana kumusoro-soro!”

10 Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa,
vakabvunza vachiti, “Ndianiko uyu?” 11 Vazhinji vakati, “Uyu ndiye
Jesu, muprofita anobva kuNazareta kuGarirea.”

(Verengawo: Mako 11:1-10, Ruka 19:28-38, Johani 12:12-15)